# जनकपुरधाम उपमहानगरपालिकाक प्रथम नगर सभामे

नगर प्रमुख श्री लाल किशोर साहद्धारा प्रस्तुत नीति तथा कार्यक्रम

आर्थिक बर्ष २०७४/०७५

**नीति तथा कार्यक्रम**



**जनकपुरधाम उपमहानगरपालिका**

**जनकपुरधाम, धनुषा**

**९ फाल्गुन २०७४**

*जनकपुरधाम उपमहानगरपालिकाक प्रथम नगर सभामे नगर प्रमुख श्री लाल किशोर साहद्वारा प्रस्तुत नीति तथा कार्यक्रम आर्थिक बर्ष २०७४/०७५*

एहि गरिमामय सभाक प्रमुख अतिथि राजपा अध्यक्ष मण्डलक सदस्य एवम धनुषा क्षेत्र नं ३ क प्रतिनिधी सभा सदस्य माननीय श्री राजेन्द्र महतोजी, जनकपुरधाम उपमहानगरपालिकाक उपप्रमुखजी , प्रदेश सभाक मान्निय सदस्य लोकनि, जिल्ला समन्वय समितिक अध्यक्षजी, राजनीतिक दलक अध्यक्ष तथा प्रतिनिधीजी लोकनि, प्रमुख जिल्ला अधिकारीजी, सुरक्षा निकायका प्रमुखजी लोकनि,प्रमुख प्रशासकिय अधिकृत जि, नगर कार्यपालिकाक सदस्यजी लोकनि, वडा सदस्यजी लोकनि, जनकपुरधाम उद्योग वाणिज्य संघक अध्यक्षजी, नेपाल पत्रकार महासंघ धनुषाक अध्यक्षजी लगायत यहि गरिमामय सभामे विभिन्न क्षेत्रस सम्वन्धित उपस्थित अतिथि महानुभावलोकनि आ संचारकर्मी मित्रसबमे हार्दिक स्वागत करैछि।

२०६२/०६३ क लोकतान्त्रीक जनआन्दोलनक पश्चात केन्द्रीकृत एंव निरंकुश राज्यसत्ताक केन्द्रविन्दु राजतन्त्रक अन्त्य भेल। तत पश्चात संविधानसभास, संविधान निर्माण केल गेला पश्चातओ शत्तावदिऔ स शोसित पिडित मधेसी, आदिवासी, जनजाती, अल्पसंख्यक जनताक अधिकार ऐखनो पुर्ण रुपमे प्राप्त होब नै सकल अइछ । समानुपातिक प्रतिनिधित्व, पहिचान आ समावेशी शासन प्रशासनकक मुख्य मुद्धाके नेपालक राजनीतिक दस्तावेज सबमे लिपिवद्ध करेबाक काज मधेस आनदोलन करौलक अइछ।२०६३ साल स बेर बेर भेल मधेश आन्दोलन आ २०७२ सालक ऐतिहासिक अनिश्चितकालीन तराई मधेश आमहड्तालस अग्रसारित कईल गेल विभेद रहित आ सर्व स्विकार्य संविधान वनैबाक अभियानमे सहादत देनिहार सम्पुर्ण वीर सहिद प्रति हार्दिक श्रद्धान्जली अर्पण करैत छि।लोकतन्त्र स्थापनाक लेल विभिन्न कालखण्डमे प्राणआहुती देनिहार सम्पुर्ण सहीदप्रति हार्दिक श्रद्धाञ्जली अर्पण करैत छि।संगै विभिन्न आन्दोलनमे घायल भेल आ अंगभंग भेल योद्धासबक प्रति उच्च सम्मान ब्यक्त कर चाहै छि।

नेपालक संघिय संविधान जारी भेला पश्चात पहिल बेर भेल स्थानीय तहक निर्वाचनमे जनकपुरधाम उपमहानगरपालिकावासी, आदरनिय जनसमुदाय हमरा सब पर विश्वासकए

भारी मतस विजयी करैला ताहीके लेल हार्दिक आभार ब्यक्त करैछि। यही गरिमामय नगर सभाक सदस्यक रुपमे निर्वाचित सम्पुर्ण नगरसभासदजी सबके हार्दिक वधाई ज्ञापन करैछि। स्थानीय तहक निर्वाचनमे उपमहानगरपालिकावासीक उत्साहपुर्ण सहभागीताक लेल सेहो सम्पुर्ण मतदाता प्रति हार्दिक आभार ब्यक्त करै छि ।जनकपुरधाम उपमहानगरपालिकाके देशके संमृद्ध तथा नमुना उपमहानगर वनैबाक योजनामे अपनेसभक महत्वपुर्ण सहयोगक अपेक्षा करै छि।सम्पन्न प्रतिनिधी सभा आ प्रदेश सभाके निर्वाचनमे धनुषाजिल्लास निर्वाचित तथा सामानुपातिक माननीय सांसद लोकनि आ प्रदेश सभामे निर्वाचित तथा सामानुपातिक प्रदेश सभासद जी सबमे हार्दिक वधाई ज्ञापन करैछि। जनकपुरधामके जनकपुरवासीक आशा अनुरुप नगर वनैवाक हमरा सभक प्रयासमे माननीय सांसदजी सभक पुर्णरुपमे रचनात्मक सहयोग पइबाक अपेक्षा करैत छि ।

देशमे संघ, प्रदेश आ स्थानीय तहक निर्वाचन अखने सम्पन्न भेल अइछ ।दु दशकसे जनप्रतिनिधि बिहिन स्थानीय तहमे ताजा जनादेश सहित हम सब अपने सभक विचमे उपस्थित छि।यहिस स्थानीय तहमे आम नागरिकक अपेक्षा आ उत्साह सिर्जना कैलक अईछ।एखुनका स्थानीय तह अधिकार सम्पन्न स्थानीय सरकार अइछ।आई हमरा सब संविधान प्रदत अधिकार सीमाभित्तर रहि कर तथा शुल्क लगायव आ असुल करब, कानून निर्माण करब आ अपनेस छनौट कए विकास निर्माणक योजना तयार करबाक लेल अधिकार सम्पन्न भेल छि।स्थानीय सरकार होइवाक कारणस केन्द्रमूखी आ परनिर्भर भक कार्य सञ्चालन करब सम्भव नैहई।उपमहानगरक सम्पूर्ण काम कारबाही नयाँ सोच आ योजनाक संग व्यवस्थित आ पारदर्शी होयव आवश्यक अईछ। एहि लेल किछ आवश्यक कानून निर्माण भ चुकल अइछ आ आवश्यक अन्य कानुन निर्माणक क्रममे अईछ । प्रदेश सरकारस वनेवाला कानुन स्थानीय सरकार संचालनमे सहजता प्रदान करवे करत।नेपालक संघीय संरचना संघ, प्रदेश आ स्थानीय तहक बीचमे सहकार्य, सहयोग आ समन्वयमे आधारित भ नयाँ संविधान अनुसार संघ, प्रदेश आ स्थानीय तह पूर्ण रुपमे क्रियाशील नई भेलाके कारण स्थानीय तहके संरचना एखन तक पुर्णता प्राप्त नई क सकल अईछ ।मुद्दा यी नगरसभा उपमहानगरके नीति निर्माणक दृष्टिस अत्यन्त महत्वपुर्ण संरचना अइछ ।

नेपालक संबिधानस परिलक्षित राज्यक नीति तथा निर्देशक सिद्धान्त, चौधौं आवधिक योजना, नेपालके अति कम विकसित देशक श्रेणी स विकासशिल देशक श्रेणीमे रुपान्तरण करवाक आ नेपाल अन्तर्राष्ट्रिय मञ्चमे प्रतिबद्धता कैने सन् २०३० तक प्राप्त करवाक दिर्घकालीन विकासक लक्ष्य (AGENDA -2030) समेतके आधार माइन स्थानीय आवश्यकताके ध्यानमे राईख यी नगर सभा अप्पन नीति तथा कार्यक्रमके दिशा निर्देश करत से हमर विश्वास अइछ ।

जनकपुरधामक गौरवमय इतिहास, जगत जननी जानकीक जन्मभुमी , हिन्दुसभक पवित्र तिर्थस्थल,धार्मिक एवम आकर्षक पर्यटक स्थल नेपालक लोकतान्त्रिक आन्दोलनमे अग्रनी भूमिका खेलने जनकपुरधाम आ २ नं प्रदेशक मध्य भागमे अवस्थित सुगम क्षेत्र जनकपुरधामके प्रदेशके स्थायी राजधानी वनैबाक पर्यापत भौतिक पूर्वाधार उपलब्ध अईछ।अतह प्रदेश नम्वर २ के स्थायी राजधानी वनैवाक लेल जनकपुरधामवासीक तर्फस, २ नं प्रदेशक प्रदेश सभाके माननीय सांसदजी लोकनि विशेष अनुरोध करैत कार्यक्रमक प्रमुख अतिथीजी,प्रतिनिधि सभाका सदस्यजी लोकनि,राजनैतिक पार्टी प्रमुखजी लोकिन आ सामाजिक कार्यके माध्यमस समाज रुपान्तरणमे भूमिका निर्वाह कैनिहार सम्पूर्ण प्रबुद्ध वर्गमे सहयोगक लेल हार्दिक अनुरोध करैछि।

प्रचुर धार्मिक एवं पर्यटकिय सम्भावना रहल यहि नगरमे जानकी मन्दिर,राम मन्दिर,जनक मन्दिर,मणिमण्डप, विभिन्न कुटी सब तथा गंगा सागर, धनुष सागर , अंगराज सर आदि अनेकन पवित्र सरोवरसभ, अनेक पवित्र स्थल सभ संगै उरबर कृषि उत्पादनयोग्य प्रयाप्त भूभाग , उद्यौगिक विकास आ वजार विस्तार माध्यम स रोजगार पर्वर्द्धन पर्यापत सम्भावना यूक्त जनकपुरधाम उपमहानगरपालिका रहल अइछ।

नगरक र्सवत्तोमुखी विकासके लेल विभिन्न चरण प्राप्त करैत सुसंस्कृत,आधुनिक, हराभरा, स्वच्छ, स्वस्थ, शिक्षित, सुन्दर आ सक्षम नगरक रुपमे स्थापित करबाक लेल बहुआयामिक आ टिकाउ विकासक माध्यमस स्थानीय पूर्वाधार विकास, लैङ्गिक मूल

प्रवाहीकरण, सामाजिक सशक्तिकरण र विकासक मूल प्रवाहमे समाहित होब नैसकल समुदायक सबलीकरण करैत नगरक विकास अभियानके अग्रसारित कैल जाइत।

नेपालक संविधान अनुसार स्थानीय तहक अधिकार सम्वन्धी ब्यवस्था कार्यान्वयन करवाक लेल संघ, प्रदेश आ स्थानीय सरकार विचक सहकारिता, सहअस्तित्व आ समन्वयके पर्वर्द्धन करैत जनसहभागिता, उत्तरदायित्व आ पारदर्शीता सुनिश्चित कै सुलभ आ गुणस्तरीय सेवा प्रवाह करबाक, लोकतन्त्रक प्रतिफलके समानुपातिक, समावेशी आ न्यायोचित वितरण क कानुनी राज्य आ ठोस विकासक अवधारणा अनुरुप समाजवाद उन्मुख संघिय लोकतान्त्रिक गणतन्त्रात्मक शासन प्रणालीके स्थानीय तहेस सुदृढीकरण करवाके प्रयत्न कइलजायत । पारदर्शी र जनमुखी नेतृत्वको विकास करैत स्थानीय शासन प्रद्धतिके ब्यवस्थित करवाक लेल स्थानीय तहमे विधायिकी, कार्यकारिणी आ न्यायीक अभ्यासके संस्थागत केयल जायत।

आम नागरिकक प्रत्यक्ष सम्बन्ध रहल संस्था स्थानीय तह अईछ। स्थानीय सरकारस प्रवाह कईल जाइवाला सेवामा सरलता, विकास निर्माणक कार्यके गुणस्तरीयता एवं परिणाममुखी वना स्थानीय शासन प्रणालिके जनमुखी, जवाबदेहि, पारदर्शी, उत्तरदायी, समावेशी आ सहभागितामूलक बनैवाक वात बजेटमे उच्च प्राथमिकता देल गेल अइछ । उपलब्ध श्रोत आ साधनक उच्चतम परिचालनस तीव्र शहरीकरणक व्यवस्थापनक संगै नगरस प्रदान करैवला सेवा आ सुविधामे कोनो कमी-कमजोरी नइ होइ ताही मे सम्पुर्ण उपमहानगरपालिका सदैव सचेत रहत ।

यहि उपमहानगरपालिकाके देशक नमुना उपमहानगरपालिका आ देशक धार्मिक तथा सांस्कृतिक संमृद्ध केन्द्र वनैवाक दृढसंकल्प सहित पहिल बेर जनकपुरधाम उपमहानगरपालिकाक नगर प्रमुखक हैसियतस नगरसभा समक्ष आर्थिक बर्ष २०७४/०७५ क लेल उपमहानगर कार्यपालिकास स्वीकृत नीति तथा कार्यक्रम प्रस्तुत करैत हमरा गौरव अनुभुती संगै विशेष जिम्मेवारीक अनुभूति भइ रहल अइछ।

प्रस्तुत बजेटमे विषयगत, क्षेत्रगत गुरुयोजनाक कार्यान्वयन, शहरी गरिबी न्यूनिकरण, सरसफाई तथा गन्दगी व्यवस्थापन, सडक सुधार तथा ढल निर्माण, विद्युतीकरण, सार्वजनिक पार्कक व्यवस्था, हरियरी पर्वर्द्धन तथा वातावरण संरक्षण आ पर्यटन पुर्वाधारक विकास सन योजना तथा कार्यक्रमके विशेष प्राथमिकतामे राखल गेल अइछ।

यहि पृष्ठभूमिमे आर्थिक वर्ष २०७४/७५ के बजेट, नीति तथा कार्यक्रम तयार करैत स्थानीय जनसहभागिता, सामाजिक समावेशीकरणक माध्यमस समुदायक स-शक्तिकरण, गरिबी न्यूनीकरण, आधारभुत स्वास्थ्य सेवाक पहुँचमे विस्तार, स्थानीय पूर्वाधार सेवाक विस्तार, सेवा प्रवाहमे सरलीकरण, सुशासन तथा पारदर्शिता आ जवाफदेहिता एवं सूचना मैत्री विकास प्रशासनके उच्च प्राथमिकता देल गेल अइछ।
व्यवस्थित एवम् ठोस शहरी पूर्वाधार, आर्थिक - सामाजिक विकास, वातावरण संरक्षण तथा गन्दगीके उचित व्यवस्थापन,व्यवस्थित शहरी नाला निर्माण, पोखरी सौन्दरीकरण क उपमहानगरके व्यवस्थित, स्वच्छ, पर्यटकिय, आधारभूत स्वाथ्य, गुणस्तरीय शिक्षा, वालमैत्री स्थानीय शासनक अवलम्वन, महिला मैत्री समाज आ सुन्दर नगर बनायव यहि बजेटक प्रमुख उद्देश्य रहल अइछ।

यहि आ.व मे १ अर्ब ७४ करोड ५१ लाख ४० हजार आय प्राप्त करैत तहि अनुसारक खर्च निम्न अनुसारके क्षेत्रमे प्राथमिकताके साथ करवाक नीति लेल गेल अइछ ।
१) नगर क्षेत्रक पूर्वाधार निर्माणमे प्राथमिकता देल गेल अइछ ।
२) गन्दगी व्यवस्थापन तथा ढल निर्माणमे जोड देल गइल अइछ ।
३) नगर भित्रक ऐतिहासिक धार्मिक मठमन्दिर व्यवस्थापनमे जोड देल गेल अइछ ।
४) धार्मिक सरोवरसबक सौन्दर्यीकरण तथा संरक्षणमे विशेष ध्यान देल गेल अइछ ।
५) नगर सुरक्षाके ध्यानमे रखैत सडक बत्ती, सि.सि. क्यामरा, ट्राफिक संकेतक व्यवस्थापनमे जोड देल गेल अइछ ।
६) स्मार्ट सिटीके अवधारणाके अवलम्बन कइल गेल अइछ ।

७) पर्यटकिय सम्भावनाके ध्यानमे रखैत पर्यटन वेब साइट, पर्यटकिय गाइड बुक/ब्रोसर तयार कएल जायत ।

८) प्लाष्टिक जन्य वस्तुके प्रयोगके निषेध कए माटीके वर्तन, कागज आ कपडाके झोरा बनैवामे अनुदान देल जाइत ।

९) सामाजिक समावेशिकरण तथा लैंङ्गकि सामनताक दृष्टिकोणस वालमैत्री स्थानीय शासन, महिला, दलित, अपाङ्ग, जेष्ठ नागरिक, अनाथ वालवालिकाक रेखदेखमे जोड देल गेल अइछ ।

१०) सिप विकास तथा रोजगार पर्वर्द्धन कार्यक्रममे जोड दे गरिवी न्यूनीकरण कइल जाइत ।

११)सूचना प्रविधिमे अधारित प्रशासन संचालन करैत सुसाशन, पारदर्शिता, जवाफदेहिता आ उत्तरदायित्व पर्वर्द्धन कइल जाइत।

१२) गन्दगी व्यवस्थापनके स्थायी समाधान करवाक लेल अन्तराष्ट्रिय स्तरक स्यानिटरी लैण्ड फिल्ड साइट निर्माण कैइल जाइत।

(१३) सामुदायिक विद्यालयक दलित छात्रासबके (९ कक्षा – १२ कक्षा ) शिक्षामे सहज पहुचक लेल साईकल उपलव्ध करेबाक नीति लेल गेल अइछ ।

(१४) नगर भित्रक सार्वजनिक जमिन सभक संरक्षण कइल जाइत ।

(१५) जानकी मन्दिर , राम मन्दिर आदि पुरातात्विक महत्वक सांस्कृतिक धरोहर सभक संरक्षण आ सम्वर्द्धनक लेल विश्व सम्पदा सुचिमे समावेस करवाक कार्य के प्राथमिकताक साथ अग्रसारित कइल जाइत ।

(१६) मिथिला कला आ संस्कृतिके संरक्षण आ सम्वर्द्धनमे जोड देल गेइल अइछ ।

(१७) मच्छर नियन्त्रणक लेल विशेष कार्यक्रम संचालन कएल जायत ।

(१८) जनकपुरधाम उपमहानगरपालिकाक अधिकांश नागरिकसव कृषिमे आधारित रहवाक तथ्यके आत्मसात् करैत कृषि क्षेत्रके आधुनिकीकरण तथा विकासके प्राथमिकिता देल गेयल अइछ।

(१९) नगर क्षेत्रमे शिक्षा एंव स्वास्थय सन सामाजिक पुर्वाधारक विकास तथा स्तरीयता प्रदान करवाक लेल विशेष कार्यक्रम संचालित कइल जाइत।

(२०) वर्तमान जनकपुरधाम उपमहानगरपालिकाक जनघनत्व एंव क्षेत्रफल अत्यन्त विस्तारित भेलाके कारन वर्तमान परिप्रेक्षमे नगरक व्यवस्थित तथा संतुलित विकासके दृष्टिगत करैत वाहय चक्रपथ निर्माणआर्थ संभाव्यता अध्ययन आ योजना निर्माण कार्यके प्राथमिकता देल जाइत ।

(२१) जनकपुरधाम उपमहानगरपालिका प्रवेश करवाक उत्तर दिश भव्य शहिद प्रवेश द्वार निर्माण कइल जायत ।

(२२) जनकपुर उपमहानगरपालिका क्षेत्र भित्र मधेश आन्दोलनमे शहादत प्राप्त परिवारक एक-एक सदस्यके नगरपालिकामे रोजगार प्रदान कइल जाइत।

(२३) मिथिला कलाके पाठक्रममे समावेश करवाक प्रयास कइल जाइत ।

(२४) मिल्स एरिया स्थित शुभ चौकमे भव्य स्व. शुभ नारायण स्मारक निर्माण कइल जाइत।

(२५)प्रदेशिक राजधानी रहल जनकपुर उपमहानगरपालिकाके महानगरपालिकामे स्तरोन्नतिके लेल अग्रसरता साथ सार्थक प्रयास कैल जाइत ।

(२६) प्रादेशिक राजधानी एवम महत्वपूर्ण पर्यटकीय गंतव्य जनकपुरधाममे वाह्य आवगमनके सुलभ बनैबाक लेल आ पर्यटकिय प्रवर्धन करवाक लेल पटके सवारी कर खारिज कैल गेल अइछ ।

आदरणिय महानुभावलोकनि ,

योजना निर्माण स बेसी कार्यान्वयन महत्वपूर्ण होइत अछि । हमरा सब निर्माण कैने कतिपय कार्य सम्पादन करबाक लेल सहकार्य, साझेदारी तथा रचनात्मक सहयोगक आवश्यकता होएत । अतः यहि अवसरमे जनकपुरधाम उपमहानगरपालिकाक विकासमे प्रभावकारी भूमिका खेल्नीहार सार्वजनिक निकाय, निजी क्षेत्र, दातृ निकाय, अन्तराष्ट्रिय संघ-संस्थासभ, विभिन्न सहयोगी मित्र राष्ट्रहरु,गैर सरकारी तथा सहकारी संघ-संस्थासभ, टोल विकास संस्था सहित अन्य सम्पूर्ण सरोकारवाला पक्षके यही सभासे हार्दिक अनुरोध करै छि। प्रस्तुत नीति तथा कार्यक्रमक पूर्ण विवरण अविलम्ब यहि उपमहानगरपालिकाक

वेभ पेजमे अपलोड करवाक तथ्य निवेदन करैत नीति आ कार्यक्रमक पुर्ण विवरण, नगर विकास योजना निर्माणक प्रस्तुत आधार तथा नीतिसभक विस्तारित प्रारुप सहित बार्षिक नगर विकास योजना पुस्तक यथाशिघ्र उपलब्ध करवाक प्रतिवद्धता व्यक्त करैछि । विस्तृत रुपमे क्षेत्रगत नीति तथा कार्यक्रम सभाक बन्द सत्रमा पेश भ  विचार बिमर्श पश्चात पारित होएवाक विश्वास लेने छी ।

**अन्तमे,**

जनकपुरधाम उपमहानगर नेपालक सम्बृद्ध शहर बनवाक सम्भावना भेल नगर अइछ । कोनो  राजनीतिक आस्था प्रति प्रतिवध रहितो जनकपुरधामक विकास आ सम्बृद्धिक लेल केयो पक्ष आ प्रतिपक्ष नइ अइछ । आई एहि नगर सभामे साझा संकल्प क, जनकपुरधामके हम सभ देशके नमुना आ दोस्रक लेल  उदाहरणीय शहर बनाके रहब । प्रस्तुत नीति तथा कार्यक्रम बनैवामे प्रत्यक्ष तथा परोक्षरुपमे सहयोग कैहनियाहार सम्पुर्ण कार्यपालिका सदस्यजी सभ , नगर सभा सदस्यजी सभ, सल्लाहकारजी लोकनि, राजनीतिज्ञजी लोकनि, नगरवासी  बन्धुवान्धव लोकनि एवम कर्मचारी वर्ग के हार्दिक धन्यवाद ज्ञापन करैछि ।

**धन्यवाद, जयमधेश ।**